*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№28 (60548) * 2020 с. * 10 август * 21 зулхIиджа * 1441 с. * итни *

*цIиял харбал*

## РАЙОНАЛЪУЛ 6 – АБИЛЕБ АХIИЯЛЪУЛ АХИРИСЕБ СЕССИЯЛДА



**4 августалда районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана районалъул Собраниялъул 6 – абилеб ахIиялъул 38 - абилеб сессия. Гьеб букIана 6 – ахIиялъул ахирисеб сессия, сентябралда цIиял рищияздаса хадуб гIуцIизе буго цIияб депутатазул состав. Гьелде щвезегIан хIисабалде росарал сессияби тIоритIана, чара гьечIеб жо ккун бугони депутатазул ихтияр буго иргадулаб гуреб сессия тIобитIизе.**

Сессиялда байбихьун кIалъай гьабуна районалъул бетIер Р. Малачиловас. Данделъаразе районалъул бетIерас баян кьуна: республикаялъул оперативияб штабалъул данделъиялда нилъер республикаялда коронавирусалъул унтиялда бан хIинкъизе ккараб хIал лъугьунеб букIиналъул. Кьогоялдаса цIикIкIарал районазда унтарал гIадамазул къадар цIикIкIине байбихьун буго, гьелдаго гьоркьоб нилъер районалдаги.

Цадахъго 170 чи унтун рукIана нилъер районалда бищунго захIматаб заманалда, гьанже гIагар гьезул къадар ккун букIана 4 унтарал чизде. Гьал къояз унтаразул къадар цIикIкIине байбихьана - бахана 7 чиясде. Гьединлъидал районалъул гIадамал гIодоре риччазе жеги заман щун гьечIо, росабазул администрациязул бутIруз цадахъ диниял церехъабигун жамагIатазда цере рахъине ккола бугеб ахIвал – хIал баянги гьабун.



Районалъул сессиялде босараб тIоцебесеб суал букIана хIурматияб къагIидаялда 6 – абилеб ахIиялъул хIалтIухъ лъикIал хIасилал рихьизарурал депутатазе районалъул депутатазул Собраниялъул рахъалдасан баркалаялъул къагътал кьезе.

Гьединго баркалаялъул кагътал кьуна районалъул депутатазул собраниялъул хIалтIулъ жигараб гIахьаллъи гьабурал: районалъул бетIер Р. Малачиловасе, районалъул прокурор Р. МухIамадовасе, республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Р. Мирзаевасе ва районалъул администрациялъул росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев А. Зайналовасе.

Сессиялде босараб кIиабилеб суал – 2020 соналде районалъул бюджеталда хиса – басиял гьариялъул хIакъалъулъ. КIалъазе вахъана районалъул администрациялъул финансазул отделалъул нухмалъулев ХI. ГIабдулахIатов.

2019- 2020 цIалул соналъул хIасилалда тIоритIарал пачалихъалъулал экзаменазул баян кьун кIалъана районалъул лъайкьеялъул гIуцIиялъул нухмалъулев М. ГIусманов. Жиндирго кIалъаялда МухIамадица тIадчIей гьабуна гьаб соналда коронавирусалъул унти багъариялда бан экзаменал кьолеб къагIидаялда ккарал хиса – басиязул, захIмалъабазул.

Районалъул администрациялъул экономикияб отделалъул нухмалъулев М. Загьировас баян кьуна миллияб проект Хъвартихьуниб – Курми – Хьаргаби – КIикIуниб лъел мухъ бачиналда тIад унел ругел хIалтIабазул хIакъалъулъ.

Сессиялде росарал киналго суалазда дандрекъон кколел хIукмаби къабул гьаруна.

**Суратазда:** Районалъул депутатазул сессиялда.

## Баркула тIадегIанаб шапакъат

**Дагъистан республикаялъул бетIер В. Васильевас жиндирго хIукмуялдалъун «БахIарчияб захIматалъе гIоло» медаль кьуна республикаялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министр, нилъер ракьцояв, гIемерал соназ Хьаргаби районалъе нухмалъи гьабурав МухIамадов МухIамад Юсуповичасе. Гьединал шапакъатал кьола Дагъистан республикаялда гьабураб пайда цIикIкIараб ва ракIбацIадаб хIалтIухъ.**

**Баркула МухIамад Юсуповичасда тIадегIанаб шапакъат, гьарула щулияб сахлъи, халатаб гIумру, худубккунги гьарулел хIалтIабазулъ икъбал.**





*рагъ лъугIун 75 сон*

## *Бесдал хутIарал лъимал !*



**Дагъаб цебе рагъ лъугIун нилъер хIукуматалъ 75 сон тIубай кIодо гьабуна. Гьеб байрамалде хIадурлъулел рукIана гIисиналги, чIахIиялги. Кин букIаниги гьеб балагь бачIана 1941 соналъул 22 июналда.**

Ракълилаб къотIиги хвезабун, рагъ байбихьанилан абун вахIшияб хабар тIобитIана нилъер улкаялда. КватIичIого байбихьана росабалъа гIолохъаби рагъде ахIизе. Рагъ байбихьун тIоцересел къояздаса нахъе гIахьаллъи гьабуна гIагараб улкаялъул шагьараздасаги росабалъаги гIадамаз. Рагъде тIоритIана цо рукъоса лъабгоял, цоги рукъоса кIигоял, цо – цо аралги камичIо. Рагъде аразул гIемерисел тIад руссинчIо. Бицен буго, Тунзиб росулъ, лъабго вас рагъдаса вуссинчIев инсуца росдал рагIалда бугеб гохIдеги вахун гьезул цIарал ахIулел рукIанилан, гьарулеб букIун буго, тIадегIанав Аллагьасде бищун гьитIинавгIаги тIад вуссине гьавеян. Чан эбелалъул ракI бекараб, тIад руссинчIого хутIарал, цIа гIадинал васазухъ, росабазухъ, вацазухъ, чан лъималха бесдал хутIарал, къорол хутIарал руччаби, къойидаса – къойиде рачIунел пашманлъиялъул кагътал. ГIемераб къо бихьараб халкъ буго нилъер.

Рагъул заманаялъул лъимал «Дети Войны». Гьелги херлъун руго, гIемерисел унтунги руго, хIукуматалъ щайха гьездехун цо дагьабниги бербалагьи гьабуларeб?

Совет хIукуматалъул заманалда, рагъулъ хутIарал хъизамазе квартираби кьуна, машинаби кьуна, щай бегьуларeб гьел цереса аразул лъималазе кьезе «Дети Войны» гьел лъил, бесдал эбелалъулищ?

Щибизе гьел къварилъуда толел? Рагъ лъугIун 75 сонги тIубана, ветеранасе лъикIал гIарцалги щвана, гьезул ручччабазе 75 азарго щвана, щайха эбел хун ятани гьелъул лъималазе кьезе бегьуларeб?

Гьелъул тIалаб гьабулев чиги гьечIо. Эмен лъаларел лъимал, лъимал рихьичIев эмен. ГIорцIарасда вакъарав вихьуларо – абураб кициги буго. Кида букIунеб ритIухълъи?

**М. ГIУМАРОВ**
**Курми росу**

*гIолохъанал улбузе*

## *Лъимаца гьаркьал ратIа рахъизе кида байбихьулеб ?*



**ГIолохъанай, тIоцебесеб лъимер гьабизе йигей эбелалъе кIудияб роххел ккола лъимер гьабизе йикIин. Жакъасеб, цебетIураб медтехнологиял ругеб заманалда тесталъ чIезабула лъимер гьабизе йикIин.**

Заман арабгIан гIолохъанай эбел чехьалдеги кьулун, букIинесеб наслуялде юссун гаргадизе хIал бихьула, рукIуна гьелдего регIуларелги. Аллагьас сайгъат гьабун кьолеб наслуялъул балъголъаби лъаларолъиялъ ратизеги бегьула гьел гьедин чIейги. Амма лъазе ккола гьабизе бугеб лъимада, жеги чохьонибго нилъеца абулеб, бицунеб рагIулеблъи.

Щиб лъимадул эбелалда гьелда сверухъ лъазе лъикIаб букIунеб ?

ГIалимзабаз цIех-реххал гьарун гьел суалазе чIванкъотIарал жавабал кьолел руго. Гьез хъвалеб буго лъимада эбелалъул чохьониб I4 анкь барабго байбихьулин букIинисеб лъимадул эмбрионалда слуховой аппарат лъугьине. Гьелдаса хадуб къоял, анкьал арабгIан байбихьулила сверухъ рукIунел гьаркьазде реагировать гьаризе.

ГIалимзабаз чIезабун буго эбелалъул чохьониб букIаго 30 децибелалъул гьаркьал рагIулел рукIунилан. Къеда бан хIалтIулеб сагIтил кIутIицин рагIулилан. ЦохIо эбелалъул гаргади, кIалъай гурелъул, инсул, бихьиназул гаргади гьезда цIикIкIун рагIизе рес бугила, щай гурелъул, бихьиназул кIалъаялълъ низкий частотаби цIикIкIарал рукIунелъун. Сабруялда, берцинго кIалъа-бачаяздеги, двагьи-гIанхъи цIикIкIараб гьечIеб бакъназдеги лъимал лъикI реагировать гьарулила. Рос-чIужуялда гьоркьоб дагIбарагIиги, ахIдон кIалъайги, гьаракь цIикIкIараб бугеб музыкаги цIакъ квеш къабул гьабулила чохьониб бугеб лъимаца.

Лъимада жо рагIулеб букIин хал гьабула лъимер гьабун хадуб роддомалдаги, I,4,6 моцI бан хадубги - планалъулал хал гьабулаго.

Лъимадул умумузда ккола лъимер кьижун бугин сихI къотIи цIунизе кколин абун, кколаро. Гьеб киналдего гьел ругьунлъизе ккола, сас букIун лъимер кьижиялдаса борчIи, гIоди, гьеб буго лъимадулъ рагIи-хъуй рагIи лъикI хIалтIулеб букIин, сахлъиги лъикI букIин.

**ХI. НУРОВА.**
**Хасай мухбир**

*к вашему сведению*

## *Памятка по хранению и ношению гражданского оружия*

**Принадлежащие гражданам Российской Федерации оружие и патроны должны храниться по месту их проживания с соблюдением условий, обеспечивающих их сохранность, безопасность хранения и исключающих доступ к ним посторонних лиц, в запирающихся на замок сейфах или металлических шкафах, ящиках из высокопрочных материалов либо в деревянных ящиках, обитых железом.**

Органы внутренних дел по месту жительства владельцев имеют право проверять условия хранения зарегистрированного ими оружия.

Хранение оружия и патронов гражданами Российской Федерации в местах временного пребывания должно осуществляться с соблюдением условий, исключающих доступ к оружию посторонних лиц.

Ношение огнестрельного длинноствольного оружия осуществляется



в расчехленном состоянии, со снаряженным магазином или барабаном, поставленным на предохранитель, а огнестрельного короткоствольного оружия - в кобуре в аналогичном виде.

Досылание патрона в патронник разрешается только при необходимости применения оружия либо для защиты жизни, здоровья и собственности в состоянии необходимой обороны или крайней необходимости.

Также сообщаем, что приобретенное оружие подлежит регистрации по месту получения лицензии в двухнедельный срок со дня приобретения оружия. (Оружие иметь при себе для проведения осмотра).

Напоминаем, что не позднее чем за месяц до истечения срока действия выданных разрешений на хранение и ношение оружия необходимо представить в отделения ЛРР по месту регистрации гражданина заявление и документы, необходимые для продления срока действия разрешений.

В случае нарушения сроков действия выданных разрешений на хранение и ношение оружия будут применяться меры административного воздействия (наложение административного штрафа на граждан в размере от трех тысяч до пяти тысяч рублей с конфискацией оружия и патронов к нему либо административный арест на срок от пяти до пятнадцати суток с конфискацией оружия и патронов к нему).

**МАГОМЕДОВ Ш.**
**инспектор ОЛРР**

## РАКI – РАКIАЛЪУЛАБ БАРКАЛА



**Нижер хъизаналда цониги чи хутIун вукIинчIо эпидемиялъул заманаялъ унтуца бусаде ккезавичIев. Дарабазда хадур ине, система лъезе, укол гьабизе росулъ тохтур къанагIатаб мехалъ, нижехъе чанго нухалъ гьел къваригIелал тIуразе ячIана ШагIбандибирова ПатIимат (МухIамад-хIабибил хъизан).**

Тохтурлъиялъул диплом кодоб гьечIониги, ПатIиматица кIудияб махщалида, врачалгун дандги бан, бегьулеб щинаб кумек гьабуна дир рукъалъе. Гьей хIинкьичIо нижедаса унти бахиниланги, хIатта жийго унтарай гIадан йигониги, цийгидазе гIоло, ияхI рехичIого, яхьун чIана гьей бахIарчияй яс.

ТIабигIат берцинай, рагIи дурусдай, ккаралъуй бихьинчиясдаса къвинчIого захIмалъи, къварилъи баччулей, ПатIиматие ракIракIалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго районалъул "Церехун" газетаги гьоркьоб ккун гьелъул, жиндаго барахщичIого, бахъараб ракI бацIадаб жигаралъухъги, гьелъул цохIо нижер хъизаналъе гуреб, цойгидазеги жиндир заманаялъ щвараб кумекалъухъги.

Аллагь разилъаги, ПатIимат дудаса, гьабураб щинаб азариде бахинабеги, кирилъун хъван батаги БетIергьанас, лъималазул, рукъалъул талихIалдаса йохун таги, гIумруялъул гьудулгун 100 соналъ цадахъ хутIаги.

**Суратaлда:**
**П. ШагIбандибирова**

**М. ГIУСМАНОВ**
**Хьаргаби росу**

*Тарихалъул бальгоял тIанчал*

# ШАМИЛИЛ ВАС ЖАМАЛУДИН РОССИЯЛДА



**1817 – 1864 абилел соназ букIараб Кавказалъул рагъул лъугьа-бахъиназулъ хасаб бакI ккола Шамилил кIудияв вас Жамалудинил гIадатияб гуреб къисматалъги. 1839 соналъ АхIулгохI сверун ккурав генерал П.Х. Граббеца имамасдаса тIалаб гьабуна аманаталъе Жамалудинги кьун ракълие кьотIи гьабизе.**

Шамилица, цоги жиндирго цевесев гIагаравчи кьелин абун, аманаталъе вас кьезе инкар гьабулеб букIана. Амма генерал Граббе тIирун чIана, щайгурелъул кIиго соналъ цеве Шамилица гьедин аманаталъе жиндирго яцалъул вас ХIамзат кьун вукIаниги, имамас рагъ кьотIизе течIин абун. Гьединлъидал Шамил хIажатавлъун ккана аманаталъе кIудияв вас Жамалудинги кьун рекъел гьабизе, амма гIурусазул командованиялъ имамасе божутIа рекIкI гьабуна ва рагъ жеги цIакъ гьалаглъана. Россиялъул пачалихъияб рагъулабгун тарихалъулаб архивалда Жамалудинил гIумруялъул гьеб бутIаялъул бицунел гIезегIанго документал руго.

1839 соналъул 23 августалда генерал П. Х. Граббеца АхIулгохI бахъун хадуб рагъулав министр граф А. И. Чернышевасухъе хъвалеб буго: «Дихъ вуго 9 сон барав, амма цIакъго бегIерав гIакълуялъул тиригьирияв Шамилил вас Жамалудин. Дица гьеда щиб гьабизе кколебали лъазе бокьун буго».

1939 соналъул 4 абилеб сентябралда А. И. Чернышевас генерал Граббехъе бачIараб жавабалда бицунеб буго император Николай I -сес амру гьабулеб бугин Шамилил вас Александровскияб кадетазул корпусалде витIеян, амма 6 сентябралъ бачIараб кагътида хъвалеб буго Москваялъулаб кадетазул корпусалъул гIисинал лъималазул тIоцебесеб отделениялде витIеян.

Пикру хисиялъе гIиллалъун нижер хIисабалда, батизе ккола Шамилил яцалъул вас ХIамзат Александровскияб кадетазулаб корпусалда цIалулев вукIин ва Кавказалда рагъул хIалуцараб хIал бугеб мехалда гьезул дандчIвай пачаяс лъикIаблъун рикIкIинчIолъи.

Жандармаялъул полковникгун цадахъ Жамалудин кватIичIого Москваялде щвана, чуязда рекIун нахъа тараб халатаб сапаралъ загIиплъизаврав гьес корпусалда цоги захIмалъи хIехьезе ккана.

Ругьунаб магIарул ретIелги хисун гьес ретIине ккана кадетазул форма. Россиялда хъулухъ гьабулел магIарулазул цогидал лъималазин абуни ретIунаан жидерго ругьунаб ретIел. Амма кватIичIого кадетазул корпусалъул директор генерал Н.П. Аненховас жиндаго тIад вугев хIакимасухъе хъвалеб буго, корпусалда исламияб дин малъулеб гьечIолъиялда бан, Шамилил вас жиндирго дин лъазабиялдаса махIрум гьавичIого гьеб дин малъулеб Александровскияб кадетазул корпусалде витIи жинда лъикIаблъун бихьулилан.

1839 соналъул 19 абилеб декабралда, пачаяс изнуги кьун, Жамалудин Александровскияб кадетазул корпусалде, Царское Село абулеб бетIерав хIакимасул (гьеб ишалда вукIана пачаясул вац, кIудияв князь Михаил Павлович. 1843 соналъ гьев ккана Россиялъул рагъулалгун цIалул заведениябазул бетIерав хIакимлъун ва 1849 соналъ хвезегIан гьеб ишалда вукIана) амру бачIана, цо-цо гIадамазул гьариялда рекъон, Петербургалъул кIиабилеб корпусалде витIулев Шамилил вас Жамалудин кадетазул тIоцебесеб корпусалде витIеян.

Гьелъие гIилла букIана пачаясул Жамалудинидерросулъе витIана. Гьенив гьев дандчIвана жиндирго вацгIал ХIамзатгун. Кадетазул корпус букIана гIатIидаб лъабтIалаяб минаялъуб, Царское Село росдал паркалъул кваранаб рахъалда. Гьеб паркалда кадетал тира-сверулаан жидеего тарбия кьолел руччабигун цадахъ. Гьел киданиги кадетаздаса ратIалъулароан. Гьез, хъаравуллъи кколаан чIезабураб низам цIуниялда хадуб ва кинабгIаги гIайиб ккаразе гьабулаан кьварараб тамихI. ГьукъараБ букIинчIо тIилил гIадлуги.

1841 соналъ, бильълъараб къагIидаялда рекъон, анцIго сон барал –кадетазул иргадулаб къокъа хадубккун цIализе битIулеб букIана Петербургалъул кадетазул кIиабилеб корпусалде.

Гьенире ритIулел 30 чиясул сияхIалде ккана ХIамзатилги Жамалудинилги цIарал. Амма кватIичIого тIолго кадетазулал корпусазул ва дворяназулаб полкалъхун бербалагьи лъикIаб рахъалдехун хисун букIин, щайгурелъул Жамалудиница гIурусаздехун тушманлъи бихьизабичIелъул. Петербургалъул кадетазул тIоцебесеб корпус абуни Николай - I сесе цIакъго хирияб букIана, гьенир цIалулел рукIана гьесул киналго лъималги. Жамалудинил хIакъалъулъ гIезегIанго баянал руго гьевгун цадахъ цIалулев вукIарав кадет Н.А. Крыловасул ракIалде щвеязулъ. Гьес хъвалеб буго: «Александровскияб кадетазул корпусалда Жамалудинида щвалде щун лъана гIурус мацI, гьев ругьунлъана кадетазул гIумруялде, ай тIад ругезе гьерсал рицине, гьалмагъзабазе хIалае вахъине, жидералго цIунизе. Цо нухалъ, дагIба-къец ккедал, дирго къвакIи бихьизабизе дица зар кьабуна цо кадетасда. Гьев гIарзалъ ун ритIухълъи чIезабизе вачIарав дежурнияв офицерасда Жамалудиница абуна цин цебе гъос кьабунилан ва дун тамихIалъукьа ворчIана. Жамалудин цIалулаан гьоркьохъеб къагIидаялъ, классалде вахъунаан экзаменчагIаца киналгIаги бигьалъаби гьаричIого, жиндирго лъаялдалъун.

**«Дун вуго императорасул тарбия кьолеб заведениялда. Дида цадахъ цIалулел руго тIадегIанал генералзабазул лъимал. ХIакимзабазул дидехун лъикIаб бербалагьи буго, дир къадру-къимат хвезабулел, дун гIодовегIан гьарулел ишал гьезул рахъалдасан жеги ккечIо».**

Дун нугIлъун вукIана кадетазул корпусалде вачIарав пачаясулги Жамалудинилги гара – чIвариялъул.

Ж а м а л у д и н и л кIигъажалда кверги лъун пачаяс гьесда абуна:

"Инсухъе кагъат хъвазе бокьун батани хъвайин, гьеб жинца щвезе гьабилин абун. Жамалудиница жаваб кьуна кIудияб баркала бугин дуе «тIадегIанав император» абун".

Россиялъул пачалихъияб рагъулабгун тарихияб архивалда цIунун хутIун руго Жамалудиница инсухъе хъвараб кIиябго кагътил копия. 1845 абилеб соналъул 29 июлалда гьес, инсухъе хъвараб тIоцебесеб кагътида бицен гьабулеб буго жинца цебехун битIун араб кIиго кагътие жиндихъе жаваб щвечIин абун ва ракI гурхIараб къагIидаялда инсуда гьарулеб буго жив кIочон тогеян. Гьес хъвалеб буго: «Дун вуго императорасул тарбия кьолеб заведениялда. Дида цадахъ цIалулел руго тIадегIанал генералзабазул лъимал. ХIакимзабазул дидехун лъикIаб бербалагьи буго, дир къадру-къимат хвезабулел, дун гIодовегIан гьарулел ишал гьезул рахъалдасан жеги ккечIо».

Гьес нахъеги хъвалеб буго жиндица исламияб диналъул киналго паризаял жалги тIуразарулин, пачаясул амруялдалъун маллаяс жидеда бусурбан динги малъулеб бугин абун.

Гьеб кагъат Жамалудиница корпусалъул администрациялъулал хIакимзабазухъе кьоларо. Гьел чиновниказ жиндир кагътал инсухъе ритIичIого теялда щаклъи букIун батизеги бегьула гьесул. Гьединлъидал гьеб кагъат гьес кьола, 1845 соналъул риидал жидер халкъазул тIалаб-агъаз гьабулеб букIиналъухъ пачаясе баркала загьир гьабизе Петербургалде рачIарал, мугIрузулаб общественоялъул депутатазул цояв штабс – капитан ГьазимухIамад Дударовасухъе. Гьев вукIана Владикавказ округалъул мугIрузулал халкъазул приставлъун. Амма гьебго заманалда Жамалудиница тIад ругел хIакимзабазде хитIаб гьабула жиндир кагъат инсухъе щвезабизе гьев депутатасе изну кьеян. Гьелъул хIасилалда фельдъегер, корпусалъул поручик А. П. Иностранцевасухъе амру бачIана депутатасухъаги босун Жамалудинил кагъат рагъулав инструкторасухъе щвезе гьабеян.

*(Хадусеб букIине буго).*



*Дин ва гIумру*

# Рузман къоялъул вагIза

**Хириял бусурбаби!**
**Нилъеда, кинавниги бусурбанчиясда, шаригIаталъ тIадаблъун гьабун буго магIнаги лъан шагьадат битIизе, иманалъул анлъабго рукну, исламалъул щуябго шартI лъазаризе. Гьединго тIадаблъун гьабун буго ТIадегIанав Аллагьасе рукIине тIадал ва рукIине нахъ чIварал ва дурусал сипатал лъазаризеги.**

Нахъеги тIадаблъун гьабун буго аваргагзабазе рукIине бегьулелги ва рукIине бегьуларелги ва рукIине нахъ чIваралги сипатал лъазаризеги. ТIадаблъун гьабун буго какил паризиялги суннаталги жал ратIа рахъизе, АлхIам, АттахIияту, как бухьи, салам кьей ва цогидалги какие цIалулел жал цIализе лъазаризеги.

Нилъеда къокъго букIаниги лъазе ккола салат-салам лъеяв МухIамад аварагасул (с.т.гI.в,) гIумруялъул баянал, ай гьев гьавураб, вукъараб бакIал, гьесул наслу-хъизам. Рехсарал киналго жал лъазе ккола бихьиназдаги руччабаздаги батIалъи гьечIого.

Гьеб кинабго рехсарабщинаб балугъалъиялъул гIумруялде рахарал ругони жидецаго, рахинчIел ругони эбел-инсуца, гьел гьечIони кIудиял эбел-инсуца ва гьелги гьечIони кIудиял вац-яцалъ, хIатта гьудулзабаз, мадугьалзабаз малъунги лъазаризе ккола лъималазда. Гьел малъизе тIадаб буго лъималазда, вас-яс батIалъи гьечIого, анкьго сон балелде. Гьай - гьай, лъималазда малъизе тIалаб буго цогидал хириял жалги, аваргагсул суннаталги, шаргIиял адабалги. Щайин абуни гьитIинго диналде русине ругьун гьаруни кIудиял гIунагIан гьел гьезе гьуинлъула.

ШаргIиял адабазде ругьун гьаричIел лъимал кIудиял гIураб мехалда малъаралъухъ гIин тIамуларел, гьекъелалде, хъалиян бухIиялде, цIогьодиялде ва цогидалги сурукъал ишазде машгъуллъизе рес буго. Гьеб нилъеда жакъасеб гIумруялдасан якъинго бихьулебги буго. АхиратаIдаги гьеб киналъего гIоло жавабчилъи, гIайиб гIунтIизабула эбел-инсуде. Къиямасеб къоялъ нилъедаги хурхун нилъерго лъималазги руччабазги, агьлуялъги абизе буго, я дир БетIергьан Аллагь, гьаз нижее кколеб куцалда исламияб тарбия кьечIо, нижедаса цере гьал ритIе жужахIалдеян.

Амма балугъалъиялде рахун, жалго гIураб мехалданиги иман-исламалъул шартIал лъазаричIел гьел малъичIилан абун гIазабалдасаги рорчIизе гьечIелха.

Гьанже хал гьабеха, хириял диналъул вацалги яцалги, дагьалищ ругел жакъа хIурматиял харабазда гьоркьор кьойилго мажгитаздеги, мавлидаздеги цогидал бакIаздеги хьвадулел, амма цере рехсарал тIадал жал лъаларел, лъаразги лъималазда жидерго агьлуялда малъичIел. Тавпикъ кьеги хадуркканигIаги мажгитаздеги, мавлидаздеги, зияратаздеги хьвадизе, гьеб лъикIаб иш буго, амма гьединго Аллагьас къуват кьеги жидедаго тIадал цогидал парзалги суннаталги лъазаризе.

Гьеб ишалъулъ кIудияб налъи тIаде ккола росабазул, шагьаразул имамзабазде. Амма пайда щиб, гьезда гьоркьорги дагьал ратулел гьечIо цебесеб - цебе, хадусеб -хадуб, ай паризияб цебе, суннатаб хадуб ккезабизе лъаларелгицин.

Имам Гъазалияс «Ихяъ» абулеб тIехьалда хъвалеб буго кинавниги бусурбанчиясда тIадаб бугила жиндирго черхалдаса байбихьизе, паризаябщинаб гьабун, хIарамабщинаб  тун жиндирго черх къачIазе, цинги гьединго гьабизе малъизе жиндирго рукъалъул агьлуялда, цинги мадугьалзабазда, цинги росдал гIадамазда, хадуб сверухъ ругел бакIаздеги ун гьенибги.

Къокъго абуни, малъулаго кIванагIан рикIкIаде ине. Гьедин гьабулеб гьечIони малъизе хIал кIолевщивав чи гIагарда вугониги рикIкIада вугониги хIакъалъукъа ворчIуларо.

Аллагьас нилъее квербакъаги парзал тIуразаризеги суннатал цIунизеги. Амин.

**КЪ. РАМАЗАНОВ**

## Щуго нигIмат Къуръаналда рехсей гьабураб

**Медициниаб хал гьабиялъ чIезабуна, къуръаналда рехсей гьабураб щуго нигIмат буго: хъабахъ, имбирь, охцер, ражипер, пер инсанасул черхалъе ва сахлъиялъе кутакалда пайдаяб нигIматал рукIин. УнтизегIан цебеги ва унти ккун хадубги гьел нигIматаз гIажаибаб асар инсанасе гьабула .**

### Хъабахъ

Къуръаналда хъабахъалъул хIакъалъулъ рехсей гьабулеб буго Инус аваргагсул (с.гI.) хIакъалъулъ хъвалеб бакIалда. Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун киталъул чохьониса гьев хвасар гьавураб мехалъ, ретIелги турун, гьан гуреб рукьби хутIарав гьесие аскIоб бижизабула хъабхъил гьветI, гьеб гьветIалъул тIамхазул рагIдукь вукIанила гьев. ЗахIматго унтарав гьев гъутIби, жаниб чIезе бакI гьечIеб бакIалда хъабхъил тIамхаз цIунана, вахчизавуна, гьава-бакъалъул хисардиялдаса цIуналилан (Ас-сафари сураялъул 145-146 аят).

Хъабхъилъ, цогидал нигIматазде данде ккун пайдаял рахъал цIакъго цIикIкIарал руго. Гьелда гьорлъ буго сахар, коротин, С, ВI, В2, В5, В6, Е, РР витаминал, къанагIатаб витамин Т, би бакъвазабулеб К, жирал, белкаби, углеводал, целлюза, пектин, Минералияб калий, кальций, железо. Хъабахъ буго диетаялъул хиси гьечIеб нигIмат, почкаби, ццин, падагра, гастрит унтиялъе хIажалъи кIудияб бугеб. Гьелъ инсанасул черхалдаса цIамал ва лъимал инарула. Хъабхъил сокалъ бихьиназул гьава борхизабула, лъимаде ругел руччабазул токсикоз, ракIбагъари чIезабула.

**Интернет, ислам сайталдаса босараб.**

# БАЗАГЪУ (РОДОДЕНДРОН)

**МагIарул мацIалда гIемерал батIи – батIиял цIарал гьелда рукIиналъги бицунеб буго гьеб даруяб хер гIемерал бакIазда цебегоялдаса нахъе хIалтIизабулеб букIиналъул. Гьелда абула устарасул чайиланги.**



Гьелъие гьадинаб гIилла буго. Нилъер устарзабазда лъикI лъала халкъиябгун гIелмияб медицина. Гьез гьеб хер гьарзаго хIалтIизабула дару гьабизе ва гьелъ лъикIал хIасилалги кьола. Зиярадалъ устарасухъе рачIарал гIадамазе сайгъаталъун кьолеб букIун буго гьеб. Устарзабаз гьеб жидецагоги бакIарулеб букIун буго ва магIарда гIияда ругел гIухьбузда тIад къан, гьезги бачIунеб букIун буго бакIарун.

БакIарула риидал, бакъвазабизе ккола рагIдукь, гьава бацIцIадаб бакIалда. ХIалтIизабизе лъикIаб буго тохтурас малъараб къагIидаялъ.

Дару хIисабалда гьеб хIалтIизабула рекIел унтабазе, кIваршцул цIуни къотIиялъе, гьуърул унтараз. Гьелъ чIвала батIи-батIиял унтаби ккезарулел микробал, гьеб даруялъ кидаго лъикIал хIасилал кьола.

Базагъу ккола бецIбурияб хъалалъул, гIаркьахараб, кидаго гIурччинго букIунеб гьитIинаб хъарахъ. ХIубиялъул борхалъи 20-100 сантиметралде бахуна. Гьелъул тIамхал рукIуна тIогьиса бегIерал, тIасан бецIгIурччинаб кьералъул, цIвакарал, гьоркьияб рахъ хъахIккарал. ТIегь букIуна тIогьилаб кьералъул. Хьон гIисинаб ва гIемераб букIуна. ТIегьала май-июнь моцIазда. Даруялъе хIалтIизарула тIамхал, бакIаризе ккола риидал, тIегьан хадуб. ТIамхазулъ букIуна рододендрон , эроколин, арбутин, гликозид, андролидоксин, рутин, эфиралъул нах. Гьелго дараби рукIуна тIогьолъги.

ЧIезабун буго базагъуялъул тIамхаз рекIее бищунго кутакаб строфантин абулеб даруялъ гIадаб асар гьабулилан, гьелъул рахъарал дарабаз рекIел ччобориялъул хIаракатчилъи цIикIкIинабулин ва рекIел хIалтIи лъикIлъизабулин.

Халкъияб медицинаялда тIанхазул ва гIаркьалабазул дараби хIалтIизарула бетIер унтун, макьу щоларого, ццин бахъун, манзил къокълъун ругони, гьединго ургьисалабазул унтаби сах гьариялъе, бидул тIадецуй гIодобе ккезабиялъе ва бидул рихьхелалде дандеги,

Гьединаб къуватаб бугелъул, гьеб дарудде тохтурасул малъиялда ва бербалагьиялда гьоркь хIалтIизабизе лъикIаб букIуна.

Базагъуялъул дару хIадурула гьадин: бакъвараб хъурараб тIанхазул бащдаб грамм цо стакан цIураб гьалараб лъимги тIаде тIун термосалъуб тола. Гьекъола къойида жаниб 3-4 нухалъ. Гьеб ккола, цо сордо-къоялъул норма, спирталда биараб базагъуялъул гьекъола 25-30 къатIра сордо-къоялда жаниб 2-3 нухалъ.

**Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса**

Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIияв соназа газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
Заказ №_______. Тираж 1000 экз.

Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.
*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихьаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес

Индекс 51350.
Цена свободная.
Подписано в печать 6 августа 2020 г.
Время подписания в печать по графику – 21:00 фактически – 20:00